

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Salaku mahluk sosial (*homo socius*) manusa téh teu bisa hirup sosoranganan, hartina mikabutuh jalma lian pikeun ngajalankeun kahirupanana. Ieu pernyataan téh luyu jeung eusi pupuh Pangkur nu unina:

*“utamana jalma kudu réa batur,  
keur silih tulungan silih titipkeun nya diri,  
budi akal lantaran ti pada jalma”.*

Ku ayana interaksi jeung silih pikabutuh antara papada manusa nya ngabentuk hiji kelompok nu disebut masarakat.

Lantaran manusa téh dibekelan (dibéré anugrah) mangrupa akal jeung pikiran anu béda-béda ngabalukarkeun tiap kelompok masarakat miboga kahayang, keresep jeung kabiasaan sewang-sewangan. Pamikiran manusa nu diolah nu satuluyna ngahasilkeun hiji karya pikeun ngahontal kasempurnaan hirupna, éta téh disebut kabudayaan. Kabudayaan asalna mah tina kecap budaya. Sacara étimologi kecap budaya asalna tina basa Sanskerta “*buddhayah*” anu mangrupa bentuk jama’ tina kecap *buddhi* anu hartina budi atawa akal. Jadi, kabudayaan téh hiji karya akal manusa pikeun ngahontal kasempurnaan hirupna. (Koentjaraningrat, 1990, kc. 20).

Kabudayaan téh miboga wujud nu tangtu. Liliweri (2014, kc. 12) ngébréhkeun kabudayaan ditilik tina wujudna, kabagi jadi dua, nyaéta kabudayaan matéril jeung kabudayaan non-matéril. Kabudayaan matéril nu mangrupa hasil tina karya cipta, rasa, jeung karsa manusa dina wangun barang. Hartina kabudayaan matéril ngawengku hal anu sipatna aya jeung katempo. Sedengkeun kabudayaan non-matéril mangrupa cipta, rasa, karsa manusa nu mangrupa adat-istiadat, aturan-aturan, élmu pangaweruh, agama, seni, jsb. Hartina kabudayaan non-matéril sipatna abstrak (tanwujud), ngan ukur bisa dirasakeun.

Jawa Barat atawa Tatar Sunda beunghar pisan ku kasenianana. Nurutkeun hasil pendataan Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Provinsi Jawa Barat anu disusun ku Atmadibrata (1989) ngébréhkeun yén Jawa Barat ngabogaan kasenian

rakyat (tradisional) aya 243 jenis kasenian anu dibagi kana 18 rumpun. Lian ti éta, Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Jawa Barat (2022) nyebutkeun yén jumlah kasenian Jawa Barat aya 973 jenis kasenian. Méh rupa-rupa kasenian nyampak di Tatar Sunda kayaning: kacapi suling, réog, kuda rénggong, jaipong, bajidor, penca silat, kliningan, karinding, terbang, calung, jrrd.. Tangtuna dina hiji kasenian aya waditra anu dipaké. Waditra nyaéta alat anu ngahasilkeun sora anu dipaké dina kagiatan seni, hususna dina kasenian Sunda, écésna mah alat musik tradisional Sunda. Ieu hal sapamadegan jeung Liliweri (2014, kc. 351) yén seni téh nyaéta produksi anu ngahasilkeun sora, warna, wangun, gerak, atawa unsur-unsur séjénna tina hiji kagiatan nu mangrupa karya-karya nu dianggap éndah ku hiji jalma atawa kelompok.

Kasenian tradisional nu masih kénéh aya tur dipintonkeun nepi ka kiwari di wewengkon Kecamatan Majalaya Kabupatén Bandung téh salah sahijina nyaéta kasenian calung. Kasenian calung kiwari dipintonkeun salaku hiburan pikeun masarakat. Asalna mah calung téh dipaké pikeun ngabeberah haté nu keur kekeprak nyieuhkeun manuk di sawah. Calung ogé bisa jadi sarana pikeun ngéksprésikeun rasa hiji jalma nu keur ngarandapan konflik batin. Lian ti éta, calung ditabeuh dina upacara-upacara nu tangtu kayaning upacara panén paré (Rosikin, 2013, kc. 3).

Nurutkeun Kuswarsantyo jeung Tetty (2019) ngébréhkeun yén fungsi seni di masarakat tradisional téh ngawengku: (1) pamujaan/ritual, (2) tungtunan, jeung (3) tongtonan/hiburan. Fungsi seni pikeun pamujaan/ritual mimitina mah aya dina mangsa kapercayaan ka déwa, roh-roh, atawa mahluk nu teu katingali ku mata biasa (mangsa animisme jeung dinamisme), tur dina ieu fungsi kasenian téh leuwih nyoko kana tujuanana ti batan fisik atawa bentukna. Lian ti kitu, aya fungsi seni salaku tungtunan, anu leuwih nyoko nepikeun pesen tina éta seni. Anu pamungkas, seni salaku tongtonan/hiburan, anu mana dina ieu fungsi téh seni dipaké pikeun hiburan atawa sarana rékréatif anu teu ngabutuhkeun loba sarat saperti dina fungsi seni salaku ritual.

Kacamatan Majalaya nyaéta salah sahiji wewengkon nu aya di Kabupatén Bandung nu kaasup ka Provinsi Jawa Barat. Di ieu wewengkon kapanggih rupa-rupaning kabudayaan. Ieu hal téh sakumaha nu diébréhkeun ku Sumardjo (2003,

kc. 300) yén masarakat Sunda sacara administratif nu hirup di Jawa Barat dibagi kana tilu bagian wilayah topografi téh ngawengku: daérah dataran rendah nu ngembat ti kulon ka wétan basisir Jawa Barat; dataran tinggi nu ngembat di pakidulan Jawa Barat nu ngawengku Pandéglang, Banten Kidul, Sukabumi, Bogor, Bandung, Garut, Tasikmalaya, jeung Ciamis. Daérah topografi nu ngembat di pakidulan Jawa Barat pang-idéalna mekarkeun tatanén jeung huma ogé ciri-ciri kasundaan leuwih gampang ditéangan di daérah-daérah pakidulan jeung pakaléran Jawa Barat.

Calung mangrupa salah sahiji kasenian Sunda. Disebut kasenian calung ku sabab salah sahiji waditrana aya nu ngaranna calung Sok sanajan dina prakna mah kasenian calung téh teu ngan saukur waditra calung wungkul, tapi dibarengan ku vokal/lagu jeung waditra séjén kayaning kendang, kecrék, jeung goong. Calung téh dijieunna tina awi, tur ditabeuhna ku cara ditakol.

Kasenian calung téh dipintonkeun dina rupa-rupa kagiatan kayaning dina acara hajat nikahan, nyunatan, miéling HUT RI, kagaitan féstival, jsb. Kasenian calung nu kiwari salaku hiburan pikeun masarakat nu aya di wewengkon Majalaya dipintonkeun dibarengan ku waditra-waditra séjén kayaning kendang, goong, jeung kecrék. Waditra calung miboga laras saléndro, pélog, jeung sorog/madenda. Saluyu jeung nu diébréhkeun ku Rosikin (2013, kc. 4) yén musik calung téh miboga gaya anu has nyaéta mélodis, dinamis, aktraktif, jeung miboga sipat komédian.

Calung miboga sababaraha jenis di antarana: calung gambang, calung gamelan, calung jingjing. Kiwari calung nu remen dipaké dina pintonan calung téh nyaéta calung jingjing. Calung jingjing nyaéta calung nu ditabeuhna ku cara ditakol bari dijingjing. Lian ti kitu, calung jingjing dibagi kana opat jinis kalayan miboga fungsina séwang-séwangan, éta anu opat téh diantarana: kingkin, panempas, jongrong, jeung gongong. Sakumaha ilaharna waditra Sunda séjénna, calung jingjing ogé sarua miboga laras saléndro, pélog, jeung madenda (péntatonis). Sakumaha ditétlakeun ku Sopandi (1982, kc. 36) nyaéta seni calung anu hirup jeung dipikawanoh ku masarakat Jawa Barat kiwari nyaéta calung dina wangun pintonan nu sipatna tongtonan atawa hiburan, kalayan maké waditra ani disebut calung jingjing. Calung jingjing téh hasil kamekaran tina calung

rantay/rénténg jeung calung gambang, nu dimekarkeun ku Ekik Barkah saparakanca, aktivis kasenian UNPAD Bandung, taun 1960 (Suwarna, 1986b).

Kasenian calung di Kecamatan Majalaya miboga bébédaan jeung kasenian calung nu ilaharna aya di Jawa Barat. Anu jadi éta bébédaan téh dina waditra calung anu dipakéna nyaéta calung jingjing anu dikolaborasikeun jeung calung rénténg/rantay. Lian ti kitu, kasenian calung di Kecamatan Majalaya jadi rujukan pikeun kasenian-kasenian calung di wewengkon séjén (Hasil Wawancara jeung Abah Dedi Gandari, 7 Januari 2023).

Ku kamekaran jaman, seni calung kiwari ngalaman kamekaran. Salah sahiji contona dina nada nu dipaké dina calung téh nyaéta nada péntatonis atawa laras-laras nu aya dina karawitan Sunda (pelog, saléndro, jeung madenda). Kiwari ngalaman kamekaran nyaéta nada nu dipaké dina calung téh teu ngan saukur nada péntatonis, tapi ditambahan ku nada diatonis atawa nada musik internasional atawa sok remen disebut nada *do-ré-mi* (Rosikin, 2013, kc. 4).

Éta hal téh bisa katitén mangrupa salah sahiji tarékah pikeun tetep ngahirupkeun seni calung ieu. Beuki dieu seni calung téh ampir pareumeun obor alatan kaséréd ku budaya jeung kasenian deungeun nu leuwih ngirut masarakat utamana para nonoman. Ieu hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Aprianti, spk (2022, kc. 998) yén kabudayaan Indonésia dina mangsa kiwari téh geus kapangaruhan ku budaya luar lantaran globalisasi, nu mana masarakat leuwih milih jeung resep ka budaya deungeun jeung géngsi ngalaksanakeun budaya sorangan (budaya lokal) lantaran miboga anggapan yén budaya lokal téh budaya nu kuno jeung teu saluyu jeung pergaulan mangsa kiwari.

Di sagédéngéun éta, nu jadi lantaran kasenian calung méh-méhan pareumeun obor téh sabab masarakat kurang neuleuman kana ajén budaya nu nyampak dina kasenian calung tur mahabuna rupa-rupa hiburan ngaliwatan téknologi. Aprianti, spk (2022, kc. 996) nétélakeun ku lantaran ayana globalisasi mucunghul sababaraha masalah dina widang kabudayaan, kayaning leungitna budaya asli hiji daérah, ayana érosi ajén-ajén budaya, turunna rasa nasionalisme jeung patriotisme, leungitna sipat mimitraan jeung gawé bareng, jeung gaya hirup anu teu saluyu jeung kultur Indonésia. Upama masarakat apal jeung neuleuman kana ajén budaya nu nyangkaruk dina seni calung téh dipiharep bisa leuwih

mupusti warisan karuhun urang. Sedengkeun dina Kadiyono & Harding (2017, kc. 33) nétélakeun yén bencana alam mangaruhan kana luntarna ajén budaya lantaran masarakat nu jadi korban bencana téh can bisa nyokot kaputusan sorangan, jeung ngatur paripolah maranéhna, sarta maranéhna can mampuh milih jeung ngabentuk lingkunganana saluyu jeung kabutuhanana, can miboga tujuan nu pasti dina hirupna, jeung maranéhna teu usaha pikeun neuleuman jeung mekarkeun diri maranéhna sacara bener-bener.

Sakumaha ditétélakeun ku Liliweri (2014, kc. 33) yén kabudayaan téh sipatna dinamis, hartina kabudayaan téh robah-robah alatan ku kamekaran jaman. Dina mertahankeun kabudayaanana, manusa ogé kudu bisa nyieun ide-ide atawa hal-hal anu anyar sangkan bisa ngigelan jaman. Para seniman, hususna seniman calung nu aya di wewengkon Majalaya tuluy ngalakonan tarékah sangkan ieu seni calung téh teu pareum tur bisa ngigelan jaman.

Panalungtikan saméméhna nu patali jeung ieu panalungtikan nyaéta: “Ajén Budaya dina Kasenian Bangréng di Desa Mekarmukti Kacamatan Cilawu Kabupatén Garut pikeun Pangajaran Maca Kelas XI’ ku Rusmalinda (2017), “Ajén Budaya dina Seni Ajéng di Désa Cipelang Kecamatan Ujungjaya Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA” ku Lestari (2016), “Ajén Budaya dina Tradisi Kuda Kosong di Kabupatén Cianjur pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII” ku Choerunnisa (2016), “Ajén Budaya dina Kasenian Dur Ong di Désa Cikalong Kacamatan Cikalong Wétan Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran di SMA Kelas XII” ku Desita (2015), “Ajén Budaya dina Kasenian Badogar di Désa Margalaksana Kecamatan Cilawu Kabupatén Garut pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA” ku Sukamdani (2014), jeung “Kasenian Calung ‘Group Triyasa’ di Kota Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA Kelas XII (Ulikan Struktural jeung Éstétika)” ku Agustyn (2015).

Tina panalungtikan-panalungtikan saméméhna di luhur, katitén aya bébédaan jeung sasaruuan. Nu kahiji, tina objék nu ditalungtik, yén kasenian Bangréng, Ajéng, Kuda Kosong, Dur Ong, jeung Badogar sacara objék tangtu béda, sedengkeun nu séjénna objékna sarua nyaéta Kasenian Calung. Nu kadua, ditilik tina analisisna, bédana nyaéta dina Kasenian Calung mah analisisna

ngeunaan lima orientasi ajén budaya nurutkeun Kluckhon (dina Koentjaraningrat, 1985, kc. 28-30) nyaéta hakékat hirup (MH), hakékat karya (MK), hakékat manusa kana waktu (MW), hakékat manusa kana alam (MA), jeung hakékat hubungan manusa jeung papada manusa (MM). Dina kasenian Bangréng jeung badogar anu dianalisna nyaéta ajén réligi, ajén ékonomi, ajén sosial, ajén éstétik, ajén nilai politis; Dina kasenian Ajéng nganalisis ngeunaan fungsi jeung ajén-ajén dasar seni; Dina kasenian Ajéng jeung Dur Ong nganalisisna ngeunaan 7 unsur budaya. Seni Calung ‘Group Triyasa’ di Kota Sukabumi nganalisis ngeunaan ajén éstétika dina kasenian calung ‘Group Triyasa’ dumasar kana tiori Kant, nyaéta ajén éstétis seni rupa, ajén éstétis seni musik, ajén éstétis seni sora, jeung ajén éstétis seni sastra. Sedengkeun sasaruana dina kasenian Bangréng, Ajéng, Kuda Kosong, Dur Ong, jeung Badogar ulikanana ngeunaan ajén budaya.

Niténan kana masalah di luhur, ieu panalungtikan téh perlu dilaksanakeun sangkan masarakat mikanyaho kana ajén budaya nu nyangkaruk dina kasenian Calung nu hususna aya di wewengkon Kecamatan Majalaya Kabupatén Bandung nu kudu terus dimumulé jeung dimekarkeun ku masarakat sangkan teu laas palias ku mangsa lantaran kasenian calung téh salah sahiji warisan karuhun urang. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan, “Ajén Budaya Kasenian Calung di Kecamatan Majalaya Kabupatén Bandung”.

## 1.2. Rumusan Masalah

Masalah anu baris dipedar sangkan teu lega teuing ieu panalungtikan téh diwengku ku opat patalékan nya éta:

- 1) Kumaha prak-prakan mintonkeun seni calung?
- 2) Waditra jeung properti naon waé anu dipaké dina kasenian calung?
- 3) Naon waé fungsi jeung peran kasenian calung di Kecamatan Majalaya Kabupatén Bandung?
- 4) Naon waé ajén budaya anu nyangkaruk dina kasenian calung di Kecamatan Majalaya Kabupatén Bandung?

### **1.3. Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1. Tujuan Umum**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngaraksa tur ngariksa budaya nu aya di tatar Sunda sangkan teu laas palias ku mangsa, hususna dina kasenian calung, ngalegaan pangaweruh ngeunaan kasenian calung.

#### **1.3.2. Tujuan Husus**

Luyu jeung kasang tukang jeung rumusan masalah nu ditétélakeun, ieu panalungtikan téh miboga tujuan husus pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun sawatara hal nu aya dina kasenian calung, di antarana:

- 1) Waditra-waditra nu dipaké dina kasenian calung;
- 2) Prak-prakan mintonkeun seni calung;
- 3) Fungsi kasenian calung; sarta
- 4) Ajén-ajén budaya nu aya di sajeroning kasenian calung.

### **1.4. Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1. Mangpaat Téoritis**

Ieu panalungtikan téh miboga mangpaat téoritis nyaéta pikeun ngalegaan pangaweruh ngeunaan salah sahiji kasenian Jawa Barat nyaéta kasenian calung. Bisa ngamotivasi panalungtik séjén pikeun nalungtik leuwih nyuksruk jero ngeunaan seni calung. Lian ti éta, sakumna ajén-ajén budaya anu aya dina kasenian calung dikumpulkeun satuluyna pikeun diteruskeun jaganing géto ku anak incu.

#### **1.4.2. Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan téh dipiharep bisa mekareun pangaweruh masarakat umum, hususna masarakat Sunda, ngeunaan kasenian calung.

Ajén-ajén budaya anu kapanggih dina kasenian calung dimangpaatkeun pikeun bebeneran dina kahirupan sangkan bisa ngaronjatkeun kualitas kahirupan urang.

### 1.4.3. Manfaat Kawijakan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi pangdeudeul pikeun pamaréntah Kabupatén Bandung dina ngoptimalkeun larapna kawijakan dina widang mekarkeun seni tradisional hususna seni calung di Kabupatén Bandung. Ieu panalungtikan ogé bisa dipiharep bisa jadi bahan tinimbangan pikeun para pamanggul kawijakan hususna Dinas Pariwisata dan Kebudayaan (Disparbud) Kabupatén Bandung dina ngagéndakeun kasenian calung.

### 1.4.4. Manfaat Isu jeung Aksi Sosial

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran jeung pangaweruh pikeun masarakat utamana ngeunaan kasenian calung jeung ajén budaya dina kasenian calung di Kecamatan Majalaya Kabupatén Bandung nu bisa dilarapkeun dina kahirupan.

## 1.5. Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Dina raraga tulisan téh diwincik jadi kieu:

BAB I ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung raraga tulisan sacara sistematis.

BAB II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir. Eusina ngawengku tiori-tiori jeung konsép anu jadi dasar dina panalungtikan. Pedaran ngeunaan tiori ajén budaya, anu jadi péso pikeun ngajawab rumusan masalah. Lian ti éta ogé panalungtikan saméméhna anu jadi pangdeudeul kana ieu panalungtikan. Raraga mikir ogé miboga fungsi pikeun maham konsép pamikiran pikeun panalungtik.

BAB III Méthode Panalungtikan. Nu Eusina: desain panalungtikan, instrumen panalungtikan, sumber data, jeung analisis data.

BAB IV ngébréhkeun hasil analisis nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah, nyaéta ngadéskripsikeun ngeunaan waditra-waditra dina kasenian calung, prak-prakan mintonkeun kasenian calung, fungsi kasenian calung, jeung ajén-ajén budaya nu nyangkaruk dina kasenian calung nu aya di wewengkon Kecamatan Majalaya Kabupatén Bandung.

BAB V ngawengku kacindekan, jeung rékoméndasi. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun sarta méré rékoméndasi pikeun panalungtik kahareupna sangkan leuwih mekar deui.